

# **Yon Gid Tranzisyon Swen pou Jèn Adilt yo**



**NYC  
HEALTH+  
HOSPITALS**





## Entwodiksyon

NYC Health + Hospitals angaje l nan ede pasyan nou yo fè yon tranzisyon ki swa soti nan Medsin Pedyatrik/Adolesan a Swen Prensipal pou Adilt. Nou konnen ke vin yon adilt ka yon bagay ki enteresan, men li chaje ak estrès ak anpil chanjman tou, epi kite w ap kite ekip swen pedyatrik/adolesan an ka di sil pou ou. Nou konprann kòman li enpòtan ak ki sans relasyon w ak founisè w la ka gen pou ou, se sak fè li esansyèl pou w gen yon pwoesis tranzisyon ki swa. Tanpri konnen ke nou la pou nou ede ou sou wout la.

Kòm ou devlope soti nan adolesan pou w vin yon adilt, antanke yon adilt ou gen plis responsabilite, li enpòtan pou w aprann sou pwoesis Tranzisyon Swen an. Antanke yon timoun, paran ou oswa gadyen ou an te anjeneral moun ki te konn pran desizyon pou swen sante w yo. Antanke yon adolesan, ou fè fas a plis desizyon nan swen sante ou epi lalwa pèmèt ou chache kèk sèvis kon dansyèl. Sa yo se kèk nan premye etap nan pran responsabilite pou swen ou epi yo ka ba ou yon lide sou sa ou kapab espere yon fwa tranzisyon ou an ni nèt nan Medsin Pedyatrik/Adolesan an.

Gid sa a te kreye avèk entansyon pou ede sipòte ou nan vwayaj Tranzisyon Swen ou an. Nou espere gid sa a itil ou pandan w ap prepare w pou pran pwochen etap nan lavi a.

# Tranzisyon Swen

## Kisa yon Tranzisyon Swen ye?

Tranzisyon Swen se pwosesis pou prepare w pou w resevwa swen sante antanke yon adilt, objektif li se pou asire transfè w soti nan Medsin Pedyatrik/Adolesan al nan Swen Prensipal pou adilt. Si ou pral vin pwòp gadyen legal ou a laj 18 lane, pwosesis sa ap pèmèt ou aprann kouman pou w jere pwòp bezwen swen sante ou.

## Poukisa Tranzisyon Swen an enpòtan?

Li enpòtan pou gen yon ekip swen medikal ki ka pi byen ede w nan etap devlopman ou ye kounyea. Founisè Medsin Pedyatrik / Adolesan yo se ekspè nan pran swen timoun ak adolesan men yo pa t resevwa fòmasyon pou pran swen adilt. Ou pral travay ansam ak ekip swen Medsin Pedyatrik/Adolesan ou a pou jwenn yon ekip Swen Prensipal pou adilt, ki ekspè nan bay swen pou adilt. Pwosesis Tranzisyon Swen an egziste pou ba ou enfòmasyon ak resous ou ka bezwen pou fè pi bon chwa pou swen sante ou.

## Kouman transfè swen an ta dwe kòmanse?

Nan laj tranzisyon an ta dwe rive a ka varye pou tout moun, men li enpòtan ke pwosesis tranzisyon an fèt petitapeti olye ke sa fèt nan yon sèl vizit. Pandan tan sa a, li t ap bon si ou kòmanse pran plis responsabilite pou jere pwòp bezwen swen sante ou etap pa etap. Kòmanse pale de tranzisyon bonè ka ede nou asire ke swen yo pa koupe epi pèmèt nou fè yon tranzisyon san pwoblèm.

## Kisa tranzisyon an gen ladan?

Pwosesis sa a diferan pou chak moun epi li fèt an kolaborasyon avèk ekip swen Medsin Pedyatrik/Adolesan ou an. Si ou vin gadyen pwòp tèt ou, ap gen yon transfè responsabilite de gadyen ou an a oumenm. Sa gen ladann konsantman pou pwòp swen ou, pran randevou lopital, kominike avèk founisè ou yo, enskri pou Pòtay pasyan MyChart ou, epi mande ak pase pran renouvèlman medikaman pou kont ou.

# Ki diferans yo genyen?

## Kijan Medsin Pedyatrik/Adolesan diferan ak Swen Prensipal pou Adilt?

Kapab genyen kèk diferans ant Medsin Pedyatrik/Adolesan ak Swen Prensipal pou Adilt, men sa ka varye selon pratik la. Li enpòtan pou konprann diferans posib sa yo pou ou konnen kisa ou ka atann lè ou fè tranzisyon swen ou vè Swen Prensipal pou Adilt.

	Pratik Medsin Pedyatrik/Adolesan	Pratik Swen Prensipal pou Adilt
<b>Wòl Founisè Swen Prensipal la (PCP)</b>	Anjeneral se PCP a ki pral kowòdone swen ou an avèk lòt espesyalis lè sa nesesè pou swen ak kondisyon ki mande plis atansyon.	Anjeneral se plis PCP yo ki jere kèk kondisyon kwonik men yo ka refere w a yon espesyalis lè sa nesesè.
<b>Lè randevou yo.</b>	Randevou yo gen tandans pou yo pi long. Anjeneral gen plis eksibilite pou yo wè w si w anreta pou randevou ou yo.	Randevou yo gen tandans pi kout. Ou ka oblige pran yon lòt randevou si ou gen plis pase 30 minit reta.
<b>Resous yo:</b>	Plan an <b>gen plis chans</b> pou yo gen lòt sèvis sipò tankou travay sosyal, kowòdinasyon swen ak sante mantal. PCP ou ka gen plis chans pou bay swen jinekolojik oswa lòt swen sante repwodiktif.	Plan an ka <b>gen mwens chans</b> gen lòt sèvis sipò tankou travay sosyal, kowòdinasyon swen ak sante mantal. PCP ou ka refere w bay yon lòt founisè pou swen sante jinekolojik oswa lòt swen sante repwodiktif.


# Founisè Swen Prensipal yo:

## Ki moun ki ka chwazi novo founisè swen prensipal mwen an (PCP)?

Alafen, ou ka deside ki moun ki pral novo founisè swen prensipal ou (Primary Care Provider, PCP). Apre ou idantifye yon PCP, pran premye randevou ou avèk yo Tou depan de asirans ou, ou ka bezwen rele davans pou fè asirans ou konnen ke ou te chwazi yon novo PCP. Ekip swen Medsin Pedyatrik/Adolesan ou an disponib pou ede w ak pwoesisis sa a si sa nesesè.

## Kouman mwen ka jwenn yon founisè swen prensipal?

- + Mande fanmi w oswa zanmi w pou yo fè w rekòmandasyon
- + Kontakte konpayi asirans ou pou jwenn yon lis founisè an rezo ki tou pre w
- + Mande ekip swen Medsin Pedyatrik/Adolesan ou rekòmandasyon yo  
Ou ka swiv menm etap sa yo tou pou jwenn yon espesyalis avèk èd PCP ou a.



# Kisa Ou Dwe Konnen?

## Sa k ap pase lè m gen 18 lane?

Diskisyon sou Tranzisyon Swen ka kòmanse nan diferan laj pou differan moun, men anba a w ap jwenn kèk responsabilite ke ou pral pran lè ou gen 18 lane.\* Li nòmal pou ou santi ou nève konsènan tranzisyon sa yo, men ekip swen ou an ap ede ou avèk pwosesis sa a.

- + Ou vin yon adilt legal, ki vle di ou responsab pou tout desizyon sou swen sante ou.
- + Ekip swen ou an ta dwe pale avèk ou dirèkteman sou plan swen ou epi mande ou konsantman w (pèmisyon) si ou vle yo diskite sou li tou avèk yon paran, yon manm fanmi oswa yon moun ou fè konfyans.
- + Se ou ki ap deside ki moun ki ap okouran de swen sante ou. Si ou ta renmen pataje enfòmasyon yo ak yon paran, yon manm fanmi, lekòl, patwon, terapis oswa nenpòt lòt moun, ou pral siyen yon fòm pou divilgasyon enfòmasyon sou sante w ki dekri ki enfòmasyon ou vle pataje epi ak ki moun. Ou ka chanje lide ou a nenpòt ki lè.
- + Ou responsab pou pran randevou epi ale nan randevou yo.
- + Se ou k ap tcheke lè ou rive nan randevou yo epi se ou ki ap siyen pwòp fòm ou yo.
- + Ekip swen ou an ap kontakte ou dirèkteman pou yo ba w rezulta egzamen ou yo oswa rezulta tès laboratwa ou yo ansanm ak lòt enfòmasyon.
- + Se ou k ap pale ak plan asirans ou an si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid. Ou pral bezwen bay pèmisyon w si ou ta renmen plan asirans ou a pale ak yon paran oswa yon manm fanmi an.

\* Eksepte nan sitiyasyon espesyal lè yon moun ka vin gadyen legal ou

# Kisa Ou Dwe Konnen?

## Lis Bagay ou Gen pou w Fè:

- + Li enfòmasyon sou asirans ou. Ou ka bezwen mande oswa diskite avèk yon paran oswa gadyen legal.
- + Mete nimewo telefòn ak imèl ki nan dosye w la ajou pou ekip swen sante ou ka kontakte ou dirèkteman pou randevou ak rezulta ou yo.
- + Anrejistre enfòmasyon kontak founisè swen sante ou nan telefòn ou, kidonk, ou konnen ki jan pou w kontakte ekip swen sante ou.
- + Abitye tèt ou ak istorik medikal ou, istorik medikal fanmi w, medikaman w yo, alèji ak manm ekip swen w yo. Sa a se yon pwoesis ki ka pran kèk tan.
- + Enskri sou MyChart, yon pòtay sou entènèt pou pasyan kote ou ka jwenn aksè byen fasil a enfòmasyon medikal ou, revize rezulta ak voye mesaj bay ekip swen ou an. Paran ou pa p gen aksè a MyChart ou otomatikman ou gen 18 lane, men ou ap gen opsyon pou pèmèt yo wè enfòmasyon ou yo antanke yon mandatè (proxy) si w vle. Ou ka enskri pou MyChart sou sit entènèt sa: [epicmychart.nychhc.org/mychart](http://epicmychart.nychhc.org/mychart)
- + Panse a chwazi yon mandatè swen sante, yon moun ke ou fè konfyans pou pran desizyon pou ou si ou pa kapab fè sa pou tèt ou. Youn nan egzanp lè sa a ka rive se si ou gen operasyon anba anestezi. Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite [health.ny.gov/publications/1430.pdf](http://health.ny.gov/publications/1430.pdf)



# Premye Randevou a

## **Bagay pou pote nan premye randevou Swen Prensipal pou Adilt ou a:**

- + Kat Idanti kasyon (ID)
- + Kat Asirans oswa enfòmasyon
- + Telefòn oswa kaye (itil pou w ka mete randevou ke doktè a pran avè w nan kalandriye w oswa pou w ka pran nòt)
- + Lis medikaman oswa boutèyo (nenpòt medikaman w ap pran)
- + Lis alèji (tankou yon reyakson espesi k ou te genyen)
- + Rezime medikal ou nan men PCP anvan ou an (ou ka voye sa elektwonikman)
- + Adrès famasi ou prefere a ak nimewo telefòn yo
- + Lis kesyon ou genyen yo

## **Bagay sa yo ede w prepare w pou premye vizit Swen Prensipal Adilt ou:**

- + Asire w ke founisè swen prensipal (PCP) ki nan lis MyChart la se PCP ou te chwazi a.
- + Rele asirans ou pou konfi e ke nouvo PCP ou an nan rezo a.
- + Chache konnen enfòmasyon pou kontakte ekip Swen Prensipal pou Adilt ou an tankou adres, nimewo telefòn ak lè biwo yo.
- + Mande ekip swen Medsin Pedyatrik/Adolesan ou pou pataje enfòmasyon medikal ou ak nouvo founisè swen pou adilt ou an.
- + Si ou toujou gen asirans atravè plan paran ou oswa gadyen legal ou an, yo ka resevwa yon noti kasyon chak lè ou vizite oswa resevwa sèvis swen sante. Diskite avèk PCP ou si ou vle pou kèk vizit oswa kèk sèvis rete kon dansyèl.



## **Kèk kesyon pou ou poze nan premye randevou ou pou Swen Prensipal Adilt ou an:**

- + Pi bon fason pou pran randevou, repran yon randevou oswa anile yon randevou
- + Règleman sou reta ak absans
- + Disponibilite pou vizit menm jou an, vizit san randevou oswa vizit si w tonbe malad
- + Kouvèti nan lè ki pa lè biwo ak lè founisè w la pa disponib
- + Sèvis ki disponib apre swen prensipal yo (pa egzanp, travay sosyal, sante mantal, sante repwodiksyon, swen jinekolojik, nitrisyon / byennèt, elatriye)

## **Konsèy pou premye randevou Swen Prensipal Adilt ou an:**

- + Rive omwen 15 minit davans pase lè randevou ou a pou w ka gentan ranpli dokiman yo
- + Dispoze lespri w pou w tandé
- + Poze kesyon lè ou pa konprann yon bagay
- + Abitye tèt ou ak nouvo pratik yo

# Definisyon tèm yo

## **Enfòmasyon sou Sante ki Pwoteje (Protected Health Information, PHI):**

Tout enfòmasyon sou swen sante ou ki gen yon nivo kon dansyalite ki pi wo. Pou pataje enfòmasyon sa yo ak yon lòt moun fòk gen yon pèmisyon alekri. Dosye medikal, rapò laboratwa ak bòdwo lopital yo se egzanp kalte dokiman ki gen PHI.

**Entènis:** Yon founisè ki wè adilt pou swen prensipal yo.

**Espesyalis:** Yon founisè ki wè pasyan pou yon pwoblèm/kondisyon espesi k. Gen espesyalis ki bay swen pou timoun sèlman, pou adilt sèlman ak pou tou de timoun ak adilt.

**Founisè Medsin Adolesan:** Yon founisè swen prensipal ki espesyalize nan swen sante ak byennèt pasyan adolesan ak jèn adilt (lepisouvan ki gen laj 12-25 lane, men sa ka varye selon klinik lan).

**Founisè Medsin Fanmi:** Yon founisè ki wè timoun ak adilt pou swen prensipal epi ki ka bay swen jinekolojik ak swen a moun ki ansent tou.

**Gadyen:** Dwa ke lalwa bay yon moun pou pran desizyon sou edikasyon, fi ans ak swen medikal yon timoun, yon adilt ki pa kapab pran desizyon oswa yon adilt ki gen twoub nan devlopman.

**Konfidansyalite:** Dwa pou yo kenbe enfòmasyon medikal ou yo an prive pou yo pa divilge bay lòt moun amwenske w ba yo pèmisyon pou sa. Pou adilt ki gen 18 lane ak sila yo ki pi gran, sa gen ladan tout kalte enfòmasyon medikal. Pou jèn ki pokò gen 18 lane, sa gen ladan enfòmasyon sou sante seksyèl ak repwodiktif ak kèk enfòmasyon sou sante mantal. Gen kèk eksepsyon ki di ki lè enfòmasyon yo pa ka rete an prive ankò, tankou si ou riske andomaje tèt ou oswa andomaje lòt moun oswa si yon moun ap andomaje w. Tanpri ou lib pou w diskite sa pi devan ak founisè swen sante ou an.

**Mandatè Swen Sante (Proxy):** Yon moun yon pasyan chwazi pou pran desizyon pou swen sante pou li si li pa ka pran desizyon pou tèt li.

**Pedyat:** Yon founisè ki wè timoun pou swen prensipal yo.

**Pratik:** Yon etablisman kote youn oswa plis founisè medikal wè pasyan yo.

**Transfè swen:** Pou deplase soti nan yon founisè al nan yon lòt founisè.

**Vèsyon Pòtab Rezime Medikal:** Yon dokiman ki bay yon apèsi sou enfòmasyon medikal enpòtan pou nouvo founisè ou yo. Sa a ka transfere elektwonikman ak/oswa sou papye.

# Resous nou yo gen ladan yo:

## **Got Transition:**

Yon sant resous ki gen enfòmasyon sou founisè, pou jèn ak fanmi ki kouvri tout aspè nan tranzisyon swen. [www.gottransition.org/](http://www.gottransition.org/)

## **MyChart:**

Yon pòtay pasyan NYC Health + Hospitals, fason ki pi pratik epi ki plis an sekirite pou jwenn aksè a enfòmasyon sou sante ou. [epicmychart.nychhc.org/mychart](http://epicmychart.nychhc.org/mychart)

## **Enfòmasyon pou Mandatè Swen Sante:**

Yon eksplikasyon klè sou responsabilite mandatè swen sante yo ak direksyon sou kòman pou yo ranpli epi siyen fòm lan. [health.ny.gov/publications/1430.pdf](http://health.ny.gov/publications/1430.pdf)

## **Sit Entènèt Youth Health:**

Yon sit entènèt pou adolesan pou resous anplis sou swen sante [www.nycyouthhealth.org](http://www.nycyouthhealth.org)



*Eskane kòd QR sa a ak telefòn entelijan ou an pou w  
jwenn aksè a ti liv sa a sou entènèt, ansanm ak "Yon gid  
asirans sante pou jèn adilt" ak "Yon gid pou gadyen"*

# **Nòt**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

# **Nòt**

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---



Viv byen, viv an bòn sante.



*Eskane kòd QR sa a ak telefòn entelijan  
ou an pou w jwenn aksè ak ti liv sa a sou entènèt!*



**RETE KONEKTE. SWIV NOU.**

[www.nychealthandhospitals.org](http://www.nychealthandhospitals.org)